



Lekòl Piblik Boston Mizajou sou Finans pou Ane Fiskal 2025-2026 la

David Bloom, Direktè Finansye

Blair Dawkins, Direktè Finansye Adjwen

Serena La Rocque, Direktè Bidjè

Jamie Racanelli, Direktè Planifikasyon ak Analiz

“

Chak timoun, nan chak salklas, nan chak lekòl nan sistèm Lekòl Piblik Boston yo gen menm opòtinite pou atenn grandè ki nan yo menm jan ak nenpòt lòt moun.

- Politik BPS sou Lakin nan Opòtinite ak Revisit

Toule kat lekòl nou yo dwe rekonèt kapasite, lang, kilti, ansanm ak eskperyans la vi elèv nou yo pou yo kapab anseye yo ak ede yo reponn ak bezwen endividyèl ansanm ak divès bezwen yo. Ni done sou elèv ak eskperyans elèv, fanmi, ak anplwaye nou yo viv yo souliye bezwen ijan pou n kenbe pwomès nou ak pou n respekte yon manda edikasyon enklizif ansanm ak dwa tout elèv genyen pou yo prepare pou inivèsite, karyè, ak la vi.

- Plan Edikasyon Enklizif BPS



Apèsi sou Ane Fiskal 2024-2026 la



AJANDA

Ane Fiskal 2024

- Ane fiskal la te fini nan dat 30 jen 2024 la
- BPS te fini ane a san l pa t depase bidjè l

Ane Fiskal 2025

- Ane fiskal aktyèl la, k ap fini jiska 30 jen 2025
- Nou rete konfyàn n ap klotire ane a nan limit bidjè nou
- Mizajou sou Envestisman pou Ane Fiskal 2025 la ak Fèmty ESSER yo

Ane Fiskal 2026

- Ane fiskal la kòmanse lye jiyè 2024 epi l ap fini jiska 30 jen 2026 (Ane Lekòl 2025-2026)
- Pwopozisyon bidjè konplè a 5 fevriye 2025



Fèmti Bidjè Ane Fiskal 2024 la

BPS te fini ane a nan limit bidjè pou yon 34yèm ane konsekitif.

Bidjè	\$1,445,874,991
-------	-----------------

Depans Reyèl	<u>\$1,445,848,692</u>
--------------	------------------------

Sipli Nè	\$26,299
-----------------	-----------------



Fèm ti Bidjè Ane Fiskal 2024 la



Depans pandan Ane Fiskal 2024 la pa rapò ak bidjè a

Chak ane, nou fè tout efò nou kapab pou n jere bidjè ki apwouve a nan tout nivo nou kapab. Epi chak ane, nou wè domèn kote nou depanse plis oswa mwens pa rapò ak sa nou prevwa depanse yo pandan pwosesis bidjè a.

- Domèn kote depans yo pi elve pa rapò ak sa yo te prevwa oparavan yo:
 - Anplwaye Tanporè
 - Transpò
 - Sèvis Alimantè
- Domèn kote nou te idantifye ekonomi operasyonèl epi nou te redefini fon ki disponib yo:
 - Ekonomi sou salè ak asirans sante nan pòs vid yo
 - Sèvis Piblik

A photograph of a classroom with several young children sitting at wooden tables, focused on writing or drawing on papers. The children are of various ethnicities. The background is a purple wall decorated with colorful geometric shapes and the word 'possibilities' in a cursive font. A white text box is overlaid in the center of the image.

Mizajou sou Pwogrè Ane Fiskal 2025



Pwojeksyon Finansyè pou Ane Fiskal 2022 a



Nou rete konfyan n ap fini Ane Fiskal 2025 a nan limit bidjè nou

- Domèn kote depans yo pi elve pa rapò ak sa yo te prevwa oparavan yo:
 - Sèvis Alimantasyon – Kontinye itilize kontra manje pandan konstriksyon Kizin Santral la ap kontinye.
 - Anplwaye Atan Pasyèl – Amelyorasyon rekritman Kontwolè Bis yo
 - Asirans Sante – Depans nòmal yo vin pi wo
- Domèn ki gen mwens depans pa rapò ak depans yo prevwa yo:
 - Anplwaye Atan Plen – To plas vid yo pi wo ke avan padandemi an, men ap amelyore
 - Itilizasyon epay nan fen ESSER la pou konpanse ogmantasyon depans yo. (Pa egzanp Depans nan ete yo soti nan Finans Jeneral ale nan ESSER)



Pwojeksyon Finansyè pou Ane Fiskal 2025 a

To plas vid pandan oktòb la kòmanse retounen nan nivo l te ye avan pandemi an

- Yon kantite pòs vid 1% ekivo anviwon \$10M nan depans salè.

Ane Fiskal	FTE Aktyèl	FTE ki Bidjetize	% ki Ranpli	Diferan pa rapò ak 2019
2019	9,197.6	9,395.0	97.9%	--
2020	9,266.0	9,358.1	99.0%	1.1%
2021	9,555.3	9,669.6	98.8%	0.9%
2022	9,570.1	9,988.6	95.8%	-2.1%
2024	9,493.1	10,202.6	93.1%	-4.8%
2025	9,974.4	10,578.3	94.3%	-3.6%



Devlope Fondman Pou Lavni

Kominote lekòl ki plis enklizif ki konble lakin nan opòtinite pou elèv Nwa e Bren nou yo ak pou n founi yon kontinyòm sèvis pou reponn ak bezwen tout elèv yo, sitou Elèv ki gen Andikap yo ak Elèv ki Pale Plizyè Lang yo

Travay n ap gen pou n fè nan 5 lane k ap vini yo mande pou gen chanjman transfòmasyonèl nan fason n ap fonksyone aktyèlman an.

- ▶ Repanse finansman Lekòl la epi soti nan Finansman Elèv Konpetan yo
- ▶ Fè **investisman istorik** pou transfòme tout lekòl BPS la nan objektif pou sipòte opòtinite pou **edikasyon enklizif yo**
- ▶ **Chanje Fondasyon Fizik BPS** pou pi byen sipòte Eksperyans Elèv Konpetan



Pwogrè Akademik sou Envestisman yo

Envestisman Enklizyon :

- Yo te investi 15 milyon dola dirèkteman nan lekòl yo pou rekrute plis pwofesè pou elaji opòtinite enklizif yo
- Fòmasyon Edikasyon Enklizif (Inclusive Education Coaches)
- Salè pou Ekip Planifikasyon Enklizyon an pou devlope opòtinite enklizif nan lekòl la
- 98% lekòl gen Koònatè MTSS ki kreye estrikti pou MTSS ak kontwole sèvis ki koresponn avèk bezwen elèv yo

Planifikasyon pou nouvo Pwogram Bileng/Plizyè Lang yo :

- Kat nouvo pwogram Edikasyon Bileng ak twa nouvo pwogram ki fèt pou elèv ki fenk vini ap lanse nan Ane Lekòl 2025-2026 la , avèk de lòt k ap tann apwobasyon
- Envestisman nan pwogram la ak resous nan lang matènèl pou pwogram bileng yo



Pwogrè Akademik sou Envestisman yo

Fòmata ak Materyèl Aprantisaj Ekitab :

- 1 Milyon nan Materyèl Ansèyman de Gran Kalite
- 2.3 milyon pou platfòm sipò langaj ak alfabetizasyon sou entènèt ki gen ladan sipò elèv k ap aprann plizyè lang
- 2 milyon nan reyalizasyon sipò materyèl (12 èdtan aprantisaj pwofesyonèl nan distri a.) ak aprantisaj pwofesyonèl ki gen rapò ak ansèyman lekti ki baze sou pwèv
- 2 milyon nan sipò aprantisaj dirèk pou elèv yo atravè Entèkansyonis Lekti

Ekspansyon Lekòl Endepandan yo :

- 6 novo Lekòl Endepandan avèk Koòdonatè atanplè pou yon total 20 Lekòl Endepandan
- Ajoute Koòdonatè pou Lekòl Endepandan nan Tout Vil la



Pwogrè Fonksyònman sou Envestisman

Planifikasyon Kapital ak Fonksyònman

- Fè distri a vin gen priorite pou **bay plis aksè ak espas aprantisaj ki sekirize, sen, ki gen anpil enèji** nan kad Plan Etablisman Alontèm nou an.
- **Sipòte ouvèti nouvo batiman**, tankou Carter, JQUS ak Horace Mann.

Transpò

- **Acha ak aplike Zum** pou amelyore swiv pakou bis yo an tan-reyèl, notifikasyon an tan reyèl ak ogmantasyon pousantaj atan pandan aplikasyon an ap kontinye.
- **20 lòt bis elektrik nan Ane Fiskal 2025 lan**, double kantite flòt bis nou an. Kòmande 54 nouvo bis ak 3 bis EV ki renove pandan ane sa a. Estasyon chaj elektrik nan yon dezyèm lakou bis.

Atletism

- **Amelyore kalite ayestetik sal espò ak espas atletik** nou yo avèk limyè, nouvo tablo pou rezilta, sal kote yo leve pwa lou ak renove espas antrènman atletik la nan Madison Park.
- **Devlope Kapasite** nan itilize yon modèl Koòdonatè Atletik Rejyonal.

Sipò pou Elèv

- **Ogmante òf pwogram yo** ki gen ladan Jistis Restorasyon ak Sekirite ak kowòt lekòl ki akeyan.
- **Te wè plis pase 2,700 timoun atravè pwogram yo** ki gen ladan pwogram sosyal emosyonèl, akademik ak pwogram inivèsite ak karyè pwofesyonèl (pa egzanp Opòtinite Laboratwa).

Resous Imèn

- **Envesti nan devlopman kapasite ekip Pewòl la**, ajoute plis moun nan ekip la soti 6 moun rive 11 moun pou asire pewòl yo fèt atan, mwens iregilarite nan pewòl yo e plis efikasite nan tretman pewòl yo.



Pwogrè Avansman Fanmi ak Kominote nan Envestisman yo

Liy Èd BPS la te rete an "kontak" avèk 25,000 fanmi BPS, Pwofesè, Elèv ak Manb Kominote - ki gen ladan apèl, imèl ak vizit. Pwofesè yo te bay sèvis nan sèt lang.

Plis pase 7,000 elèv te patisipe nan pwogram nan ete yo te gen plis pase 80% prezans.

A photograph of a classroom scene. In the foreground, a young girl with long, dark braids and purple braiding is sitting at a desk, looking down at a worksheet. A teacher with brown hair, wearing a white lab coat, is leaning over her, smiling and pointing at the worksheet. On the desk, there are various school supplies: a blue container with markers, a set of colored pencils, a pair of scissors, and a worksheet with a drawing of a person. In the background, other students are sitting at desks, some working on their own. The classroom has wooden floors and shelves with books and supplies.

Planifikasyon pou Ane Fiskal 2026



FY26 : Konstwi sou Fondasyon nou

Nan Ane Fiskal 2025 lan, nou te sispann itilize Finansman Pondere Elèv pou adapte bidjè yo. Men pitou nou :


- Te fè aranjman nan bidjè yo nou te kòmanse nan nivo finans yon lekòl ki te la deja
- Ogmante oswa diminye pa rapò ak kantite salklas (primè) oswa chanjman nan kapasite (segondè).
- Mete plis priyorite sou investisman nan resous pedagojik yo pou elèv ki gen gwo bezwen nou y atravè pratik enklizif ak sipò pou elèv k ap aprann plizyè lang.

Pou Ane Fiskal 2026 priyorite nou an rete estabilize bidjè lekòl yo pou asire envesitman nan elèv ki gen pi gwo bezwen yo. N ap

- kontinye fè aranjman nan salklas/kantite elèv avèk menm metòd la
- Ogmante investisman nan pratik enklizif yo.
- Investi nan edikasyon bileng nan mete anplas nouvo pwogram ak pwogram bileng nan lekòl yo ak kontinye finanse konplètman nenpòt aranjman ki nesesè pou sèvis ESL yo.




Kantite enskrisyon BPS bese nan dis dènye ane ki pase yo, men vin pi stab aktyèlman





Nan menm espas tan an, kantite bezwen elèv n ap desèvi yo chanje



**Includes all Students with Disabilities and MLs with an ELD level of 1,2 or 3. Includes all MLSWDs.*



**Plis Priyotite
nan Ane
Fiskal 2026 la**

Pwopozisyon Ane Fiskal 2026 nou an pral reflete yon bidjè estab pou Ane Lekòl 2025-2026 la

- Aprè bidjè istorik ane pase a, finans pou BPS pral plis baze sou nivo tradisyonèl
- Ogmantasyon Envestisman nan kontinye priyore prensipal nou yo ki se :
 - Edikasyon enklizif
 - Elaji pwogram bileng yo
 - Sipò MTSS ak akademik
 - Elajisman koulwa lekòl segondè
- Plan Etablisman Alontèm nan: Aplike chanjman ak prepare pou rekòmandasyon alavni nan fèmte lekòl yo, melanj ak rekonfigirasyon.



Estrateji pou Idantifye Efikasite

Nan lekòl yo, n ap limite rediksyon nan chanjman ki gen rapò ak plan etablisman alontèm nou an ak fèmte salklas yo akòz enskripsyon yo diminye.

Ekip Biwo Santral te travay sou yon bidjè zewo pou yo avanse pou idantifye efikasite.

Yo te mande chak depatman pou travay nan nivo bidjè aktyèl yo, idantifye depans ki ka epanye pou peye nenpòt ogmantasyon depans.

Domèn limite ogmantasyon depans nan bidjè santral se nan Sèvis Lekòl yo ke Biwo Santral Bidjetize. Kèk egzanp ogmantasyon sa yo :

- Depans Asirans Sante pou tout distri a
- Depans pou sèvis piblik pou tout distri a
- Ogmantasyon depans pou frè ekolaj ak transpò andeyò distri a

Kalandriye Sezon Bidjè:

Opòtinite pou Angajman Kominotè

Konvèsasyon Entèn nan Distri a/Delè



Ane Fiskal Lekòl Piblik Boston kòmanse depi 1ye jiyè rive 30 jen; majorite pati nan elaborasyon bidjè pou ane fiskal k ap vini ap fèt ant mwa Novanm ak Mas.

Kesyon yo



Anèks



Planifikasyon Fen ESSER

Itilizasyon sibvansyon pandan plizyè ane ak fleksibilite ESSER pou yo aterisa an dousè

Sous Finansman pou Ane Fiskal 2025 lan	Fen Ane Fiskal	Opòtinite
Fon Jeneral	30 jen 2025	Pa Gen Opsyon pou Repòte
Tit 1	31 out 2026	Tit 1 an se yon sibvansyon 2 lane avèk yon repò 15% maksimòm ansanm ak yon eksepsyon 3 lane.
Lòt Sibvansyon Admisiblite	31 out 2026	Tit IIA, III, IV ak IDEA se sibvansyon de (2) lane yo ye ki pa gen repò maksimòm.
ESSER	30 septanm 2024	Ou kapab depanse fon ESSER III apre sibvansyon fini toutotan yo enpoze disi 30 septanm 2024
Dijonktè	Pa Aplikab	Maksimòm repò a egal a reklamasyon disjonktè ane avan an. Pandan Ane Fiskal 2025 la, sa pral 24,9M




Fon Jeneral ak ESSER

Yo depanse fon
ESSER II de fason
stratejik pou
konpanse enpak
bès fiskal ESSER I.

Fon Jeneral ak ESSER (Ane Fiskal 2021 – Ane Fiskal 2025)

General Fund and ESSER (FY21-FY25)





Fèmti ESSER


Sijè	Dat limit	Remak:	Estatè	Montan
Peryòd Sibvansyon	30 septanm 2024	Ki gen ladan depans pèsònèl ak depans ki pa pèsònèl	Fini	241 milyon (87%)
Delè Obligasyon	30 septanm 2024	Kreye kontra ak fè Kòmand Acha (PO)	Fini	
Likidasyon Tradisyonèl	31 desanm 2024	Tous depans avan 9/30 Depanse selon Obligasyon PO 9/30 lan	Sou bon Chemen	9.5 milyon (3%) te Depanse 26 milyon (9%) an Pwogrè
Likidasyon Anreta	30 novanm 2025	DOE ak DESE apwouve tout pwolongasyon likidasyon yo. Nou vize depanse tout dis 30 jen 2025	Sou bon Chemen	3.5 milyon (1%)
Sibvansyon Total ESSER III			Sou bon Chemen	276 milyon



Kontèks Enskripsyon Ane Fiskal 2026

Kantite enskripsyon yo estabilize akòz kantite nouvo Elèv ki Pale Plizyè Lang ki Vini


Net change in enrollment between October and June



- Enskripsyon te ogmante a 978 elèv ant oktòb ak jwen ane pase ak yon mwayèn 700 elèv avan de ane lekòl.
- Ogmantasyon sa te fèt prèske sèlman nan kantite nouvo Elèv ki Pale Plizyè Lang ki Vini.
- Pwogrè nan mitan ane a estabilize kantite enskripsyon pandan dènye ane yo




Enskripsyon primè a estabilize, men bès nan ane avan yo pral fè enpak sou enskripsyon nan lekòl segondè nan ane k ap vini yo



- Enskripsyon nan Klas K2 rive nan 5yèm ane ti kras remonte ane sa a, men se 4,818 elèv (19%) pi ba ke Ane Lekòl 1516.
- Enskripsyon nan Klas 6yèm rive nan 8yèm ane ti kras remonte ane sa a, men se 1,520 elèv (14%) pi ba ke 5 lane pase.
- Enskripsyon nan klas 9yèm ane rive nan 12yèm ane ka bese paske kowòt ki pi piti yo ap grandi nan sistèm lan.

Diminasyon primè yo te fèt akòz de yon kantite nesans rezidan ki pi piti ak klas K2 ki pi piti ki antre ak deplase nan sistèm lan


BPS K2 Enrollment and Boston Resident Births



- Genyen yon relasyon koyeran ant kantite nesans rezidan Boston ak kantite elèv K2 BPS 5 ane pita.
- Kantite Timoun ki Fenk Fèt Boston kontinye bese pandan dis dènye ane yo, ki fè gen piti nan kantite elèv K2.
- Kantite elèv ML ki fenk vini kenbe enskripsyon K2 a estab malgre yon bès nan kantite timoun ki fenk fèt.



Kantite elèv ML ak SWD yo ogmante pandan kantite enskripsyon total la bese, ki fè qen plis bezwen.




*Includes all Students with Disabilities and MLs with an ELD level of 1,2 or 3. Includes all MLSWDs.

- Depi Ane Lekòl 1516, kantite ML ak SWD yo ogmante pa 3,313 elèv (20%), pandan enskripsyon nan mitan tout lòt elèv bese pa 10,756 elèv (28%).
- Majorite pwogrè ogmantasyon ki fèt nan mitan elèv ki gen pi gwo bezwen yo fèt pandan 3 dènye ane yo, ki rive pa rapò ak yon ogmantasyon nan kantite ML ki gen pi ba nivo nan konpetans lang Anglè.



Sa pa jis yon fenomèn BPS - Enskripsyon rezidan Boston nan K2 te diminye 22% pandan 9 an

K2 Boston Resident Enrollment by School Type



- Enskripsyon K2 pami rezidan Boston yo nan tout kalite lekòl yo te diminue a 1,278 elèv, oswa 22% ant Ane Lekòl 1314 ak Ane Lekòl 2223, kote pi gwo diminisyon yo fèt pandan pandemi an.
- Lefèt enskripsyon K2 a ki pa t ko rebondi sigjere sa kapab pa jis yon efè pandemik.
- Enskripsyon rezidan Boston yo nan tout klas yo te diminye tou a 12% pandan 6 lane, soti 79,016 nan Ane Lekòl 1617 rive 69,522 nan Ane Lekòl 2223.